



**Orange Township Public Schools**  
Lincoln Avenue School  
**Mr. Frank Iannucci Jr., Direktè**



**Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.**  
**Sipèntandan Lekòl yo**

Isabel Colon, Direktris Asistan

Patrick Yearwood, Direktè Asistan

26 Jiyè 2019

Chè Paran, Gadyen, Moun k'ap bay Swen, Edikatè, ak Aksyonè nan Kominote Orange,

Se yon onè pou'm prezante tèt mwen kòm nouvo direktè lekòl la nan Lincoln Avenue Elementary School ak fè pati kominote lekòl ekstraòdinè sa a. Mwen espere ke lèt sa a jwenn ou dan lajwa ap jwi sezon lete a. Anplis de sa, mwen sèten ke ou menm ak pitit ou yo ap tann pou nou kòmanse yon bèl ane lekòl ansanm. Mwen kapab asire ou ke mwen pataje angajman kominote lekòl sa a ki se bay timoun yo premye plas nan bayo yon edikasyon klas mondyal.

Ane lekòl 2019-2020 la pral make 16yèm ane mwen nan edikasyon. Pandan tout ane mwen nan edikasyon yo, mwen te sèvi nan plizyè distri ak jwe anpil wòl. Mwen te kòmanse karyè mwen kòm yon pwofesè syans enfòmasyon nan lekòl primè, mwen te vin yon pwofesè matematik ak syans enfòmasyon nan lekòl segondè/lise, ansuit mwen te vin okipe pozisyon kòm sipèvizè matematik nan yon distri, epi finalman nwen te jwe wòl kòm direktè lekòl. Mwen te gen opòtinite pou'm te jwe wòl direktè fondatè nan yon lekòl segondè STEAM nan Jersey City epi ansuit nan yon lekòl plasman andeyò distri a pou elèv ki gen otis. Mwen te gen opòtinite pou'm te akimile anpil eksperyans e mwen dispose pou'm pataje yo avèk Lincoln Avenue School Community a.

Eksperyans mwen kòm Direktè lekòl primè ap ban mwen opòtinite pou'm travay an kolaborasyon avèk pwofesè ak anplwaye/estaf chak jou sou yon baz nòmal osi byen ke rete konekte avèk elèv k'ap aprann epi k'ap devlope nan anviwònman salklas la. Mwen kwè fèmman ke chak timoun ka briye epi patenarya ki genyen ant lakay ak lekòl la kreye konfyans nan elèv yo pou yo sèvi ak kapasite yo nan fòm avni yo nan kominote nou an ak nasyon an. Avèk objektif mwen pou kontinye tradisyon ekselans isit la nan Lincoln Avenue Elementary School, mwen pran angajman pou'm eksplòre nouvo fason ak estrateji pou satisfè bezwen tout elèv yo e pou kominike efikasyon avèk paran yo ak manm kominote a.

Anfen, tanpri m'ap fè w konnen ke pòt mwen toujou ouvè pou ou. Mwen pare pou'm akeyi ak tout kè mwen konvèsasyon ou ak opinyon pozitif ou pandan tout ane a. Se pou nou toujou bay elèv nou yo premye plas nan travay nou yo. M'ap tann pou nou selebre siksè kolektif nou yo pandan ane lekòl 2019-2020 la.

Kontinye jwi jou ki rete nan sezon lete a!

Sensèman,

*Frank Iannucci, Jr.*

Mr. Frank Iannucci, Jr., M.Ed.  
Direktè  
Lincoln Avenue Elementary School